



Pou Piblikasyon Imedya: 28/02/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE AKSYON POU ELAJI OPSYON EVALASYON MODÈN POU KANSÈ NAN SEN POU FANM YO

*Konpayi Asirans yo Dwe Kouvri Depans Mamogram 3-D Ki Nesesè Onivo Medikal
yo san Ko-Pèman, Ko-Asirans, oswa Dediktib yo*

*Teknoloji Mamografi 3-D Pi Efikas Nan Detekte Kansè ki nan Tisi Sen Ki Dans yo,
Ki Pi Komen Lakay Fanm Nwa yo*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke konpayi asirans sante yo gen obligasyon anba Lwa Asirans New York yo (New York Insurance Law) pou bay kouvèti ki nesèsè onivo medikal pou mamogram 3-D yo san ko-pèman, ko-asirans, oswa dediktib yo. Evalyasyon mamografi 3-D, oswa tomosentèz, kapab pi efikas nan detekte kansè nan tisi sen ki dans yo, ki pi komen lakay fanm nwa yo. [Aksyon](#) sa vin ajoute sou aksyon yo ke Gouvènè an te poze pi bonè nan ane sa pou kapab sipòte sante ak dwa repwodiktif fanm New York yo, ak pwojè lwa ke li te siyen ane pase a pou kapab amelyore aksè a evalyasyon kansè nan sen yo.

“Nou ap antreprann aksyon ki pi agresif nan nasyon an pou kapab elaji aksè a evalyasyon kansè nan sen yo, paske deteksyon byen bonè yo se pi bon tretman posib,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nan elaji aksè a opsyon evalyasyon kansè nan sen modèn ki ap sove lavi yo, tankou mamogram 3-D yo, nou ap fè jefò pou kapab pwoteje manman nou yo, sè nou yo ak pitit fi nou yo yon etap pi plis. Nou pral kontinye travay pou retire pi plis baryè pou deteksyon kansè nan sen yo ak tretman pou kapab kreye yon New York ki pi an sante, ki pi djanm pou tout moun.”

“New York kontinye mennen nasyon an nan poze aksyon pou kapab asire ke fanm New York yo gen aksè total a swen sante yo,” **se sa Maria T. Vullo, ki se Sipè-entendant Sèvis Finansye yo, te deklare.** “Kounye a, plis ke tan anvan, New York dwe mennen nan franchi etap desizif pou kapab pwoteje epi sekirize dwa fanm yo, epi sipòte sante fanm yo ki enkli kouvèti total pou evalyasyon kansè nan sen yo, ki enkli teknoloji modèn yo tankou tomosentèz.”

Tomosentèz, oswa mamografi 3-D, itilize reyon-X yo pou kapab kolekte plizyè imaj sen

an nan divès ang ke yon òdinatè ap sentetize pou kapab kreye yon imaj 3-D de sen an. Etid yo montre ke dansite sen se yonn nan pi gwo prediktè risk pou kansè nan sen yo, epi ke risk kansè pou fanm yo ki gen tisi sen ki dans, anpil ladan yo se fanm nwa, li pi plis.

An patikilye, fanm Nwa yo gen tandans genyen tisi sen ki pi dans, sa ki limite sansibilite nan yon mamografi evalyasyon, kidonk sa egzije teknoloji evalyasyon ki amelyore tankou deteksyon ak evalyasyon byen bonè ki fèt apati metòd ki apwopriye yo. Etid yo te montre ke mamografi 3-D sanble pi efikas nan deteksyon lezyon ki nan tisi sen ki dans yo ke nan mamografi 2-D a.

Menm si nivo mamografi evalyasyon pou Fanm Blanch ak Nwa yo prèske se menm, yo detekte kansè fanm Nwa yo pi ta, an pati akòz pwoblèm aksè yo tankou abòdabilite, epi yo gen plis pwobabilite pou mouri akòz yon kansè nan sen ke fanm Blanch yo. Kansè nan sen se fòm kansè ki pi komen pami fanm Nwa yo, epi se dezyèm koz prensipal lanmò pou fanm Nwa yo.

Linda Goler Blount, ki se Prezidan ak Direktris Egzekitif Black Women’s Health Imperative, te deklare, “Mwen remèsye Gouvènè Cuomo poutèt travay li nan asire ke tout fanm yo, san kenbe an kont ras yo oswa revni yo, gen aksè san restriksyon a swen ke yo bezwen pou viv lavi long, an sante. Se yon gwo etap pou yon eta egzije konpayi asirans yo pou kouvri depans mamografi 3-D yo san pataj depans yo. Lefèt ke fanm Nwa yo kounye a gen aksè a mamografi 3-D sa vle di ke gen yon pi gwo chans ke yo pral jwenn yo detekte pi bonè kansè yo ki difisil pou detekte.”

Aksyon yo ki te anonse jodi a kontinye yon seri aksyon reparasyon ki te kondwi pa Gouvènè Cuomo pou kapab sipòte dwa repwodiktif ak sante fanm yo, ki enkli ogmantasyon aksè a evalyasyon kansè nan sen yo, ak kouvèti asirans sante nan pwojè lwa revolisyonè ki te rantrè an vigè nan dat 1 Janvyè 2017; sa ki ap asire ke tout sèvis avòtman ki nesesè onivo medikal yo kouvri pa politik asirans sante yo san pataj depans yo; epi asire ke tout fanm yo kouvri pa politik asirans sante yo pou kontraseptif an kantite jiska pwovizyon douz mwa a chak fwa san pataj depans yo.

[Pwojè lwa](#) ki te siyen pa Gouvènè Cuomo an 2016, epi ki an vigè kounye a, li ogmante aksè a evalyasyon kansè nan sen yo ak kouvèti asirans sante, epi li te vin ajoute sou \$91 milyon nan investisman yo pou kapab ogmante sansibilizasyon ak evalyasyon pou kansè nan sen, ki enkli yon kanpay sansibilizasyon piblik, pwogram atansyon kominotè yo, navigatè pasyan yo, ak fougonèt mamografi mobil yo. Pwojè lwa revolisyonè ki te siyen pa Gouvènè Cuomo a:

- Elimine dediktib anyèl yo, ko-pèman yo, ak pèman ko-asirans yo (“pataj depans”) pou tout mamogram evalyasyon yo, ki enkli sila yo ki te bay a fanm yo pi souvan ke manyèl gid evalyasyon federal aktyèl yo tankou mamogram anyèl yo pou fanm ki nan karantèn yo;

- Elimine pataj depans yo pou imaj dyagnostik pou kansè nan sen yo, ki enkli mamogram dyagnostik yo, iltrason sen yo, ak MRI sen yo. Kòm yon rezilta, fanm ki bezwen tè s ki lòt ke mamogram estanda yo p'ap genyen pou peye okenn depans adisyonèl pou tè s dyagnostik ki pi komen sa yo;
- Egzije 210 lopital ak klinik ekstansyon lopital yo pou ofri orè alonje pou evalyasyon pou omwen kat èdtan pa semèn, pou kapab ede fanm ki gen difikilte pou pwograme mamogram pandan orè jounen travay tipik lan ant 9 a.m. jiska 5 p.m. Orè sa yo enkli ant 7 a.m. jiska 9 a.m. ak ant 5 p.m. jiska 7 p.m, Lendi pou rive Vandredi, epi ant 9 a.m. jiska 5 p.m. nan Samdi oswa Dimanch;
- Ajoute anplwaye piblik nan vil yo ki gen yon popilasyon yon milyon moun oswa pi plis, sou popilasyon anplwaye piblik ki nan Eta New York ke yo pèmèt aktyèlman pou gen kat èdtan konje pou evalyasyon pou kansè nan sen chak ane, sa ki ap bay anplwaye piblik Vil New York yo menm avantaj ke nenpòt lòt anplwaye piblik atravè eta a.

Aksyon jodi a montre li klè ke pwojè lwa kansè nan san Gouvènè a enkli tomosentèz, oswa mamogram 3-D yo, nan mamogram dyagnostik ak evalyasyon ki kouvri yo ke yo egzije pou yo kouvri san pataj depans.

Inisyativ sa yo fè pati yon seri aksyon ki te poze pa Gouvènè Cuomo pou kapab defann dwa fanm yo, ke yo konnen sou non “Pwomès New York a Fanm yo: Toujou Pi Wo” (“New York’s Promise to Women: Ever Upward”). Nan dezan ki sot pase yo sèlman, Gouvènè a te siyen lejislasyon pou konbat agresyon seksyèl sou kanpis yo atravè lwa Enough is Enough Act la (Lwa Sètase a); prevni asèlman seksyèl nan lye travay yo kèlkeswa lajè konpayi an; mete fen a diskriminasyon gwosès; etabli pwogram absans famiyal yo peye ki pi long ak pi konplè nan nasyon an; epi elve salè minimòm lan rive \$15 alè. Pou plis enfòmasyon sou New York’s Promise to Women lan, vizite [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418